

KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè yo te fè diskriminasyon kont ou paske ou ansent oubyen yo te refize ba ou yon akomodasyon rezonab pou andikap ki gen rapò ak gwosès oubyen akouchman, ou kapab pote plent nan Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la.

Ou dwe pote plent nan Divizyon an avan yon ane apre zak diskriminasyon ou ap akize yo fè a. Pou plis enfòmasyon oubyen pou pran yon randevou, ou kapab kontakte biwo rejyonal ki pi pre lakay ou oubyen travay ou a, oubyen vizite sit wèb nou nan : www.dhr.state.ny.us

KÈK EGZANP :

Ou te toujou resevwa bon evalyasyon ak ogmantasyon nan travay ou. Ou di patwon ou ke ou ansent epi ou kòmanse resevwa move evalyasyon pèfòmans travay epi yo mete ou nan pwobasyon. Ou kwè se paske ou ansent la. Ki opsyon ou genyen ?

Si ou kwè ke move evalyasyon pèfòmans travay ak pwobasyon an se paske ou te di ou ansent, ou kapab pote yon plent nan Divizyon Dwa Moun nan.

Ou retounen travay apre konje matènite epi ou wè ke yo bay yon lòt moun pozisyon ou a. Yo ofri ou yon pozisyon ki pi ba pase sa ou te genyen avan an. Ki dwa ou genyen ?

Si anlwayè ou genyen yon règ kote yo kenbe travay pou anlwaye ki nan konje pou rezon ki pa gwosès, lè sa a Lwa sou Dwa Moun egzije anlwayè ou a pou trete ou menm jan an. Ou kapab gen dwa a ansyen pozisyon ou a tankou yon akomodasyon rezonab pou gwosès ou a, paske jeneralman yo konsidere tan konje pou retablisman tankou yon akomodasyon rezonab pou yon andikap tanporè nan Lwa sou Dwa Moun nan.

Ou sèt mwa ansent, epi anlwayè ou ap fòse ou pran konje matènite. Ou vle kontinye travay epi ou santi kapab kontinye. Èske ou dwe pran konje matènite ?

Yo entèdi anlwayè yo pou egzije travayè ki ansent pou pran konje matènite amwenske anlwaye a pa ka egzèkite aktivite travay la yon fason ki rezonab. Anlwayè an oblije konsidere si akomodasyon rezonab la t ap pèmèt ou kontinye travay.

DIKRIMINASYON KONT FANM ANSENT NAN TRAVAY

NEW YORK STATE DIVISION OF HUMAN RIGHTS

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA
BRONX, NEW YORK 10458
(718) 741-8400
Toll Free 1-888-392-3644
TDD (718) 741-8300

WWW.DHR.NY.GOV

Èske ou ansent epi w ap travay ?

Yo konsidere diskriminasyon kont fanm ansent diskriminasyon sèks anba Lwa sou Dwa Moun Nouyòk la. Gwosès kapab konsidere tankou yon andikap tanporè anba Lwa sou Dwa moun. Li kont lalwa pou revoke yon anplwaye oubyen refize bay yon aplikan travay paske li ansent oubyen akòz de yon kondisyon ki gen rapò a gwosès li, oubyen pou fè diskriminasyon nan règ, kondisyon, ak privilèj travay akòz de gwosès oubyen akouchman.

Lwa sou Dwa Moun nan entèdi anplwayè pou egzije yon travayè ki ansent pran konje matènite obligatwa amwenske gwosès la anpeche anplwaye a fè aktivite esansyèl ki nan travay li nan yon fason rezonab.

Si, pandan gwosès la, yon anplwaye manke jou travay akòz de yon kondisyon ki gen rapò ak gwosès la epi li vin refè, anplwayè pa ka gen dwa fè li rete an konje jiskaske li akouche si li kapab retounen nan travay fizikman.

Yo pa ka trete yon anplwaye ki ansent diferan de lòt anplwaye ki genyen andikap tanporè epi yo dwe resevwa menm benefis sosyal yo (pa egzanp, akimilasyon senyorite, konje maladi, ak kouvèti medikal) ke anplwaye ki pap travay akòz de andikap ki pa gen rapò ak gwosès. Yon anplwayè dwe konsidere akomodasyon rezonab pou pèmèt yon anplwaye ki ansent fè travay li yon fason ki rezonab. Yon anplwayè kapab mande dokimantasyon medikal pou si moun nan kapab travay sèlman li si mande lòt anplwaye yo sa tou.

Lwa a mande pou asirans sante ak andikap yon anplwayè trete gwosès menm jan ak tout lòt andikap ki pa dire lontan (pa egzanp, pye kase, kriz kadyak, elatriye). Anplwayè ki bay asirans medikal yo dwe kouvri pri medikal gwosès menm fason yo kouvri lòt depans medikal yo.

Anplwayè yo dwe kenbe travay pou fanm ki absan akòz de gwosès oubyen akouchman depi yo fè sa pou lòt anplwaye ki pran konje pou lòt rezon yo. Jeneralman yo konsidere konje pou retablisman tankou yon akomodasyon rezonab pou yon andikap tanporè. Yo kapab itilize konje maladi ki akimile ak vakans ki aplikab yo pou kouri peryòd yon anplwaye ki ansent pa ka travay.

Ou kapab genyen dwa pou konje andikap ak pou pran swen timoun sou Lwa osijè Konje Fanmi ak Konje Medikal Familyal Federal la tou.

VANJANS KONT MOUN PASKE YO POTE PLENT ILEGAL

Lwa sou Dwa Moun nan entèdi anplwayè a fè vanjans kont anplwaye paske yo pote plent pou diskriminasyon anplwayè a te fè yo sibi oubyen kont lòt pratik nan travay ki konstitye yon fòm diskriminasyon.

Epi tou nou entèdi vanjans kont moun apre yo te pote yon plent ak Divizyon an lè plent la an atant, oubyen nenpòt lè apre sa. Reklamasyon sou vanjans kapab fèt devan yon jije sou fòm yon plent separe ak endepandan.